



Operasyon S.T.R.I.D.E. se yon inisyativ yo fè nan tout Eta a pou ogmante pwoteksyon moun sou ray tren yo. Yo prepare yon kanpay pou edike popilasyon an konsènan pwoteksyon yo pre ray tren yo epi yo entwodi yon sistèm kote yo pentire kote pou moun evite lè tren an ap pase.

ESPAS DINAMIK // // // // // // // // // // // // // // // //

FÈ WOUT POU MOUN VWAYAJE AN BYEN

Espas dinamik la se zòn tou pre kafou kote ray tren kwaze ak lari, zòn sa a fèt pou anpeche chofè machin antre nan zòn danje. Tras blanch atè an fòm X ki makònen ansanm nou jwenn nan Espas dinamik yo sèvi pou montre a ki distans machin dwe kanpe nan kafou ray tren pou bay chofè machin plis pwoteksyon. Chema sa yo montre a ki distans moun ak machin dwe kanpe pou tren pase san danje, paske nenpòt bagay ki nan Espas dinamik yo tren an ka frape yo lè l ap pase.

Espas dinamik yo pèmèt moun wè sa k ap pase pi byen epi sa fè moun pi veyatif pou kab gen mwens ensidan kote tren kwaze ak lari.

Pogram pilòt FDOT sa montre Espas dinamik la redui valè machin ki kanpe sou ray tren yo oswa pre ray tren pa omwen

15% ↓

ESPAS DINAMIK

PREKOSYON AN PREMYE

PRAN PREKOSYON PA W POU KA GEN MWENS AKSIDAN TREN

Pou ankouraje yon konpòtman pozitif epi pou redui valè ensidan ak frakti moun sibi nan travèsè ray tren, FDOT konseye tout moun pran prekosyon sa yo:



PYETON

- Travèsè sèl kote ki fèt pou moun travèsè ray tren.
- Pran prekosyon lè w bò tren epi bò ray tren.
- Wete kone telefòn nan zòrèy ou epi gade kote w prale.
- Tren yo kab pase nenpòt lè.
- Pa mache pre ray tren yo.
- Tren pa kab kanpe vit.
- Lè limyè wouj vle di gen yon tren k ap vini.
- Pa kouri travèsè pou nenpòt rezon.
- Pa janm kanpe swa sou ray tren an swa pre ray tren an pou w fè foto.



SIKLIS

- Travèsè sèl kote ki fèt pou moun travèsè ray tren.
- Pran prekosyon lè w pre tren oswa lè w pre ray tren.
- Wete kone telefòn yo nan zòrèy ou epi gade kote w prale.
- Bay tèt ou plis tan pou w travèsè ray tren ak yon bekàn.
- Travèsè a yon ang 90 degre.
- Depi sa posib, travè ray la apye ak bisiklèt la.



CHOFÈ MACHIN

- Travèsè ray tren an kote ki fèt pou machin travèsè.
- Tren kouri vit epi yo pa kab kanpe vit.
- Pa kondi al pase sou kote baryè sou ray tren yo lè yo desann.
- Pa janm kanpe machin ou sou yon ray tren.
- Lè yon tren ap vini, yon machin dwe toujou kanpe devan liy kote pou machin kanpe a anvan kote yo pentire chema zòn pou moun evite lè tren an ap pase a.

Pou plis ransèyman sou inisyativ Operasyon S.T.R.I.D.E. Biwo FDOT a epi pou w konnen kote w ka jwenn Espas dinamik yo nan zòn kote w rete a, kontakte Kòdonatè ray tren Distri FDOT bò lakay ou oswa ale sou sit fdot.gov/operation-stride.

KÒDONATÈ DISTRI

Tish Burgher

FDOT District Six

305.470.5277

1000 NW 111 Avenue

Miami, FL 33172

